

**THE DEPARTMENT OF EARLY EDUCATION AND CARE (EEC) / MINISTÈ EDIKASYON AK GAD BONÈ  
SUBSIDIZED CHILD CARE / GAD TIMOUN SIBVANSYONE**  
**Notice of Termination / Avi de Tèminasyon**

Dat	FID		
Pou: _____ Non Paran an (yo)			
Adrès	Vil	Eta	Kòd Postal
Nimewo Telefòn		Adrès Imèl	
Sòti: _____ Non Pwogram Administratè Sibvansyon an, Non Anplwaye a, Nimewo Telefòn, ak Imèl Li			

Nou pral tèmine sibvansyon an pou gad timoun pou \_\_\_\_\_.

Non Timoun nan (yo)

**Sibvansyon gad timoun nan pral kanpe \_\_\_\_\_ pou rezon sa a (yo):**

Dat

- Mank bezwen pou sèvis: Pa patisipe nan yon aktivite valab       Viv an deyò Massachusetts
- Abandon Sibvansyon: Pa sèvi ak gad pandan plis pase 30 jou swivi       Fwòd ki Pwouve (gade eksplikasyon anba a)
- Vyolasyon Pwogram Entansyonèl:
- Pa te rapòte chanjman non-tanporè sa a: \_\_\_\_\_
  - Pa te rapòte revni sa a kòrèkteman: \_\_\_\_\_
  - Pa te bay enfòmasyon sa a ke EEC te mande: \_\_\_\_\_
  - Pa te peye fre yo. Montan w dwe: \$\_\_\_\_\_
- Revni pi wo pase 85% Revni Mwayen pou Eta a (SMI). Pou fanmi w ki gen \_\_\_\_\_ moun, 85% SMI se \$\_\_\_\_\_/mwa. Revni pa w se \$\_\_\_\_\_/mwa.
- Twòp absans san eksplikasyon. Absans yo te nan dat sa yo: \_\_\_\_\_
- Pa te swiv Administratè Sibvansyon EEC sa a, oswa politik Founisè sa a (*Aplikab pou tèminasyon afektasyon sèlman*): \_\_\_\_\_. Tanpri kontakte \_\_\_\_\_  
pou yon afektasyon ak yon nouvo founisè.

Non ak nimewo telefòn CCRR

Eksplikasyon Detaye (yo kapab kole plis paj): \_\_\_\_\_

**Kote règ yo ye?** Kòm yon ajans ki gen kontra avèk Department of Early Education and Care (EEC), nou oblige swiv lwa, regilasyon, ak politik Eta ak Federal ki te etabli pou administre gad timoun sibvansyone nan Massachusetts. Ou kapab twouye règ sibvansyon EEC yo nan regilasyon ak politik EEC yo sou <https://www.mass.gov/guides/child-care-subsidy-management-and-ccfa>. Ou kapab mande nou pou yon kopi tou. Règ sou kilè nou kapab tèmine yon sibvansyon se 606 CMR 10.10(2).

**Kijan pou Mande Apèl:** Voye fòmilè Demann pou Revizyon an ak yon kopi avi sa a bay EEC. Pou kenbe gad timoun pandan pwosesis revizyon an, fòk ou fè apèl *avan dat tèminasyon an* epi satisfè kritè yo pou eligibilite tou, ki enkli peye tout fre nou p ap diskite yo epi kontinye ale nan pwogram nan. Dat limit la pou mande apèl se *30 jou* depi dat avi sa a. Objektif pwosesis revizyon an se pou detèmine si Administratè Sibvansyon an oubyen EEC te aji konfòmeman avèk lwa Eta a sou sibvansyon gad timoun. Pwosesis revizyon an pa fèt pou li akòde egzansyon pou regilasyon ki egziste yo. Ou kapab chwazi nenpòt ki moun ou ta renmen ede w nan nenpòt ki etaj nan pwosesis revizyon an. Si w gen kesyon pou EEC sou aksyon sa a, fòk ou depoze yon fòmilè Demann pou Revizyon.

Demann pou Revizyon, Department of Early Education and Care  
50 Milk Street, 14<sup>th</sup> Floor, Boston, MA 02109  
Faks: (617) 988-2451; Imèl: EECSubsidyManagement@mass.gov

**Dat An Vigè: 30 Septanm 2021**